УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

# Черкес хэку

№23 (13885)

2024 гъэ, мэлыжьыхьым (апрелым) и 4, махуэку

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

Промышленность псынщIэм и зыужьыныгъэ

## Цым елэжьынымкIэ

**Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшидрэ УФ-м и Федеральнэ ЗэIущIэм ФедерацэмкIэ и Советым и спикерым и япэ къуэдзэ Яцкин Андрейрэ лэжьыгъэ IуэхукIэ зэIущIащ.**



Абыхэм къапщытэжащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ ЗэIущIэм ФедерацэмкIэ и Советым и профильнэ комитетхэмрэ федеральнэ Министерствэхэмрэ я лIыкIуэхэм республикэм щызэфIагъэкIа Iуэхухэр.

Абы щIыгъуу зэхашащ Урысей Федерацэм цым елэжьынымкIэ, абы зегъэужьынымкIэ Штабым и зэIущIэ. Тепсэлъыхьащ лъэкIыныгъэхэмрэ республикэм и социально-экономическэ зыужьыныгъэмкIэ мыхьэнэ зиIэ инвестицэ проектхэмрэ.

Штабым и зэIущIэм хэлэжьыхьащ Урысей Федерацэм промышленностымрэ сатумрэкIэ и министрым и къуэдзэ Бочаров Олег, Къэрэшей-Черкесым и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ Иванов Александр, ФедерацэмкIэ Советым и профильнэ комитетхэм, федеральнэ Министерствэхэм я лIыкIуэхэр, Къэрэшей-Черкесым и Правительствэм хэтхэр.

Темрезов Рэшид къызэрыхигъэщамкIэ, Къэрэшей-Черкесым хабзэ щыхъуауэ, промышленность псынщIэм и хьэпшыпхэр къыщIагъэкI, икIи, а Iуэхум зригъэужьынымкIэ хэгъуэгум лъэкIыныгъэшхуэхэр иIэщ. Апхуэдэу, республикэм итщ цым и пэм щегъэжьауэ и кIэм нэс елэжь предприятэхэр. Иджы зэфIагъэкI технологие лъагэкIэ лажьэ предприятэщIэ къызэгъэпэщынымкIэ проектыр.

Мыбы ипэкIэ сенаторхэр щыIащ а предприятэхэм, зрагъэлъэгъуащ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм я къэухьыр, абы щылажьэхэм ящIыгъуу тепсэлъыхьащ я IэнатIэмкIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэм.

Мы лэжьыгъэм и къэухьхэм ит Iуэху куэд къаIэтащ, а псоми хэплъащ кууэ, тегъэчынауэ. Дэтхэнэ кIуэрабгъумкIи белджылы ящIащ адэкIэ ягъэзэщIэнум и планхэр.

Темрезов Рэшид фIыщIэ хуищIащ УФ-м и Федеральнэ ЗэIущIэм ФедерацэмкIэ и Советым и унафэщI Матвиенко Валентинэ, хэгъуэгухэм, Къэрэшей - Черкесри яхэту, гулъытэ къазэрыхуищIым, къазэрыдэIэпыкъум папщIэ. Абы фIэщхъуныгъэ къигъэлъэгъуащ Яцкин Андрей къызэрыкIуар республикэм адэкIэ игъуэтыну социально-экономикэ зыужьыныгъэр щIэзыгъэпсынщIэ Iэмал зэрыхъунур.

**КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу**

Лъэпкъ зэхущытыкIэ

## «Лъэпкъ куэду зэхэт къэралщ»

«Урысейр — дин зэхуэмыдэхэр зезыхьэ, лъэпкъ куэду зэхэт къэралщ икIи дэтхэнэми пщIэ хуэщIыпхъэщ. Ар зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Аращ тщIэри — ди къуэшхэм, дин зэхуэмыдэхэм: муслъымэнхэм, иудейхэм, нэгъуэщIхэм я лIыкIуэхэм, дэтхэнэми яхуэфащэ пщIэ яхудощI», — къытеувыIащ УФ-м и Президент Путин Владимир Тверь областым деж зауэ кхъухьлъатэзехуэхэм щаIущIам.

Ди къэралым и Пашэм жиIащ нэхъыщхьэу диниплIым я лIыкIуэхэр къызэрыхагъэщыр, ауэ Урысейм дин зэхуэмыдэхэр зезыхьэ лъэпкъ куэд зэрыщыпсэур.

«Дэтхэнэ цIыхуми, лъэпкъми пщIэ яхудощI икIи хэти лъэкIыныгъэ ядот, дяпэкIи яттынущ я Хэкур зэрахъумэжыр, нэгъуэщI Хэку зэрамыIэр зыхащIэну. Шыкурщ, ар къыдохъулIэ, хуабжьу дыхуэсакъын хуейщ ди къэралым къыщекIуэкI, лъэпкъхэм, динхэм яку дэлъ мамырыгъэм», — пищащ Президентым.

Абы къыхигъэщащ цIыхухэр, лъэпкъхэр «сысейхэмрэ» «хамэхэмрэ»-кIэ зэхадзын щIадзэмэ, къэралыр зэрылъэлъэжынур.

«Адрейхэр хамэщ», — апхуэдэ гупсысэр къызэрытхуэушу, къэралыр дгъэлъэлъэжынущ. Апщыгъуэм деж нэхъыбэу хэкIуэдэнур урыс лъэпкъращ», — пищащ ди къэралым и УнафэщIым.

Абы жиIащ Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм, дин зэхуэмыдэхэр зезыхьэхэм я лIыкIуэхэр зауэ операцэ хэхам зэрыхэтыр, абыхэм хахуагъэрэ лIыгъэрэ яхэлъу, фIы и лъэныкъуэкIэ зыкъызэрагъэлъагъуэр. Ди къэралым и Пашэм зиумысыжащ, «Урысейр зейр урысхэращ» къыхуеджэныгъэр щызэхихкIэ, гузэвэгъуэ зэрызыхищIэр.

«Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм хуабжьу дыхуэсакъын хуейщ», — щIигъэбыдыхьыжащ Путин Владимир.

Ди къэралым и Пашэм ягу къигъэкIыжащ щэнхабзэр лъэпкъым и псэкупсэу зэрыщытыр, гузэвэгъуэ Iуэхум абы къару къызэрыхилъхьэр.

**Зыгъэхьэзырар ЕЗАУЭ Маринэщ**

Щэнхабзэ

## Зэгъэзэхуэжыныгъэ нэужьым

КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид хэтащ КъБР-м щекIуэкIа, Кулиев Къасын и цIэкIэ щэнхабзэмкIэ Унэ къызэIухын гуфIэгъуэ дауэдапщэм. Апхуэдэ Iуэху гуапэр трагъэхуащ балъкъэр лъэпкъым къэщIэрэщIэжынымкIэ и Махуэм.

КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, Ставрополь крайм и губернатор Владимиров Владимир сымэ зэщIыгъуу Тырныауз деж къыщызэIуахащ щэнхабзэмкIэ Унэр. Абы и бжэхэр зэIуихыжащ зэгъэзэхуэжыныгъэ лэжьыгъэшхуэхэм яужькIэ.

Унэр щаухуар 1969 гъэращ икIи Ищхъэрэ Кавказым и щэнхабзэ IуэхущIапIэ нэхъ уардэхэм ящыщ зыщ. Абы къызэщIеубыдэ метр зэбгъузэнатIэ мини 5, лэжьыгъэ зэхуэмыдэхэм теухуа пэши 4, музей, библиотекэ хэтщ, кружок зэмылIэужьыгъуи 6, клуби 5 мэлажьэ.

**Ди корр.**

Социальнэ инфраструктурэ

## АвтобусыщIэхэр

**Тхьэмахуэ кIуам Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид автобусыщIэ 19-м я IункIыбзэхэр Черкесск къалэм цIыху къыщезышэкI автотранспорт предприятэм и унафэщIым тыгъэ хуищIащ. Автобусхэм щыщу 15-р — «Ситимакс 9», 4-р – «Вектор NEXT 8.8» жыхуаIэхэм хуэдэщ. Ахэр ди къэралым щащIащ, шынагъуэншагъэ жыпхъэхэм тегъэпсыхьащ, тыншхэщ.**

ГуфIэгъуэ дауэдапщэм хэтащ Черкесск къалэм и мэр Баскаев Алексей, «ЧГПАТП-1» къалэ муниципальнэ унитар предприятэм и унафэщI Скрипкэ Сергей, Черкесск къалэм цIыхухэр къыщезышэкI автотранспорт предприятэм и водителхэр.

«CITYMAX 9» автобусхэр хьэуар зыгъэкъабзэ, и щытыкIэр тэрэзу щызыгъэт иджырей пкъыгъуэхэмкIэ къызэгъэпэщащ. Нэхъыщхьэращи, мы автобусхэм я бжэхэр нэхъ бгъуэщ, езыхэр нэхъ лъахъшэщ, дэтхэнэми ятегъэпсыхьащ – аппарель яхэтщ, колясэхэр здэбгъэувын яIэщ.

Хэгъуэгум и Iэтащхьэм автобусхэм я кIуэцIхэр къиплъыхьащ, итIысхьащ, зэщIигъанэри, зэрызежэм зыщигъэгъуэзащ.

Темрезов Рэшид фIыщIэ хуищIащ Урысейм и Президент Путин Владимир хэгъуэгухэм, цIыхухэм ятегъэпсыхьа автотранспортыр щIэкIэ зэхъуэкIын зэрыхуейм теухуауэ ищIа унафэм папщIэ.

КъинэмыщIауэ, фIыщIэ хуищIащ УФ-м и Правительствэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Хуснулин Марат мы Iуэхугъуэм теухуауэ республикэм икъукIэ жыджэру зэрыпыкъуэкIам папщIэ.

«Нэхъыщхьэр — цIыхухэм я шынагъуэншагъэмрэ я тыншыгъуэмрэщ» — щIигъужащ и псалъэхэм Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэм.

Къыхэгъэщыпхъэщи, иужьрей илъэситIым кърихубыдэу Черкесск къалэм автобусыщIэ 26-рэ къыдэуващ.





**ГЪУКIЭКЪУЛ Иринэ**

Егъэджэныгъэ

## Лъэпкъыбзэр зыхъумэхэр

Къэрэшей-Черкес Республикэм «Лучший учитель родного языка и литературы» Урысейпсо зэпеуэм и хэгъуэгу Iыхьэр къапщытэжащ.

АдыгэбзэмкIэ, абазэбзэмкIэ, къэрэшеибзэмкIэ, нэгъуеибзэмкIэ ди республикэм и районхэм къабгъэдэкIа егъэджакIуэхэм я лэжьэгъухэм дерс зэIуха драгъэкIуэкIащ, я бзэм адрейхэри нэIуасэ хуащIу. Дакъикъи 7-м къриубыдэу абыхэм къагъэлъэгъуэн хуейт нэхъыщхьэу къагъэсэбэп Iэмалхэр.

Зэпеуэм япэ увыпIэр къыщихьащ Учкекен къуажэм дэт, зи №2 курыт еджапIэм къэрэшеибзэмрэ литературэмрэкIэ и егъэджакIуэ Чотчаевэ Мариам.

ЕтIуанэ увыпIэр къилъэщащ Инжыджышхуэ къуажэм дэт курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Мыжей Маргаритэ.

Ещанэ хъуащ Черкесск къалэм дэт е 19-нэ гимназием нэгъуеибзэмкIэ и егъэджакIуэ Баисовэ Алтынай.

ТекIуахэм хуагъэфэщащ щIыхь тхылъхэмрэ тыгъэхэмрэ.

Ди лъэпкъэгъу егъэджакIуэм увыпIэфI къызэрилъэщар дэркIи гуапэщ, хуэфащэ дыдэуи долъытэ.

Мыжей Маргаритэ илъэс 30 мэхъу адыгэбзэр ихъумэу егъэджакIуэ IэщIагъэм зэрыпэрытрэ. Илъэс кIуам, абы адыгэ лъэпкъым хуэгъэпса (этнографическэ) класс къызэIуихауэ щытащ. Классым щеджэ цIыкIухэм я щыгъынри абы тегъэпсыхьащ, лъэпкъым епха нагъыщэхэри (эмблемэхэри) яIэщ. Ауэ нэхъыщхьэр — абыхэм адыгэбзэр нэхъ кууэ зэрырагъэджращ.

— Этно-классыр къызэрызгъэщIрэ, нэхъри бзэр джыным тескъузэ хъуащ. Жагъуэ зэрыхъущи, сабийхэм япэм хуэдэу бзэр фIыуэ яцIыхукъым. ПрограммэмкIэ егъэджэныгъэм щIыгъуу сыхьэтитI къыдатри, абы тызоухуэ. Хабзэм, тхыдэм нэхъри бзэр ягъэцIыхунур нэхъыщхьэу солъытэ.

Сызыхэта зэпеуэр тыншауэ схужыIэнукъым. Ауэ, къуажэми, районми я дзыхь къыщызагъэзым, ахэр къызэрызмыгъэукIытэным сыпылъащ. «Мыр яжесIэнщи язгъэгъэщIэгъуэнщ» жэуэ, си лэжьыгъэм къыщызмыгъэсэбэп гуэри хэзгъэхьакъым.

Ари зы гъэунэхуныгъэу сыпхыкIащ. Мыпхуэдэ зэпеуэхэм щIэ гуэрхэм уащыхуозэ, уи лэжьыгъэм нэгъуэщIынэкIэ урегъэплъ. Ари щхьэпэщ, — къыхегъэщ егъэджакIуэм.

2023 гъэм, мы зэпеуэм «Лучшие практики развития родной речи детей дошкольного возраста» номинацэри хагъыхьауэ щытащ. Абы ипкъ иту, сабий IыгъыпIэхэм я гъэсакIуэхэми я лъэкIыныгъэхэр а махуэм къагъэлъэгъуащ. А номинацэмкIэ нэхъыфIу къалъытащ Чапаевскэ къуажэм дэт «Амалька» сабий IыгъыпIэм и гъэсакIуэ Хачировэ Маринэ.



Министр Кравченко Иннэрэ бжьыпэр зыубыда егъэджакIуэ Мыжей Маргаритэрэ

**БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ**

ЗэIущIэ

## ЦIыхумрэ къэралымрэ зэдэлажьэмэ

КъЧР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Езауэ Артур къулыкъукIуэцI «лэжьакIуэ гупым» дригъэкIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ хьэрычэтым и зыужьыныгъэмрэ жылагъуэм япыщIауэ щытынымрэ, «дорожнэ картэм» халъхьэну зэхъуэкIыныгъэхэм.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Государство для людей» проектыр пхыгъэкIыныр и лъабжьэу, «лэжьакIуэ гупым» къигъэщIащ хэгъуэгу «дорожнэ картэр». Абы теткIэрэ, цIыхумрэ къэралымрэ я зэдэлэжьэныгъэр ирагъэфIэкIуэнущ, нэхъ тынш ящIынущ. Проектым и фIыщIэкIэ, псэукIэр ефIэкIуэнущ, цIыхумрэ къэралымрэ яку дзыхь зэхуэщIыныгъэр дэлъынущ.

ЩIалэгъуалэм и Илъэсым — "Движение первых"

## «Зэныбжьэгъугъэм и лъэмыжхэр»

***Къэрэшей-Черкесым и лIыщхьэ Темрезов Рэшид Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ Ставрополь крайм и губернатор Владимиров Владимиррэ ящIыгъуу Приэльбрусье щIыпIэм щаIущIащ «Зэныбжьэгъугъэм и лъэмыжхэр» турист- хэкупсэ слётым хэта, «Движение Первых» Урысейпсо зэщIэхъееныгъэм и хьэрычэтыщIэхэм. Псори зэхэту а слётым къекIуэлIащ нэрыбгэ 80-м нэхърэ нэхъыбэ.***

Темрезов Рэшид ди республикэм щыщу а Iуэхум хэта ныбжьыщIэхэм я гугъэхэмрэ проектхэмрэ защигъэгъуэзащ, япкърыупщIыхьащ КъЧР-м и щIалэгъуалэ политикэм зэрызиужьыр къазэрыщыхъум теухуауэ.

Хэгъуэгум и унафэщIым къыхигъэщащ ныбжьэгъущIэхэр къэгъуэтынымкIэ, щIэныгъэ хэгъэхъуэнымрэ лэжьыгъэ нэхъыфIхэмкIэ зэхъуэжэнымрэкIэ слётым утыку хъарзынэ къызэрыхихар. Абы фIэщхъуныгъэ къигъэлъэгъуащ «Движение Первых» зэщIэхъееныгъэм хэтхэм адэкIи егугъуурэ я лэжьыгъэр гъерэтыфIэу зэрагъэкIуэтэнумкIэ, нэхъыщхьэращи — гуихауэ я Хэкур зэралъагъунумкIэ. Темрезов Рэшид слётым кIуа дэтхэнэми ехъулIэныгъэфIхэр иIэну ехъуэхъуащ!

**АБЫКЪУ Къамырзэ**

**Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид республикэм хыхьэ къалэхэм, районхэм я лIыщхьэхэм яIущIащ УФ-м и Президентыр хэхыным – кърикIуар къипщытэжащ.**

Хэгъуэгум и Iэтащхьэм жиIащ хэхыныгъэхэм ипэ къихуэу щыIа пIалъэм къриубыдэу псоми зэдрагъэкIуэкIа лэжьыгъэм и фIыщIэкIэ къэралым и политикэ къэхъугъэ нэхъыщхьэр Къэрэшей-Черкесым тыншу, пылъхьэншэу, хабзэм тету зэрекIуэкIар. Республикэм щыIэ хэхыныгъэ участкэ 252-м щыщ дэтхэнэми хэткIи тыншыгъуэр къызэгъэпэщауэ щытащ: хэхакIуэхэмкIэ, комиссэм хэтхэмкIэ, щIэплъыкIакIуэхэмрэ хабзэхъумэ къулыкъухэмрэкIэ.

«Лэжьыгъэшхуэ псоми едгъэкIуэкIащ, ауэ нэхъыщхьэр зылэжьар ди хэкуэгъухэращ – жэуаплыгъэ, гумызэгъагъэ зыхэлъ IэщIагъэрылажьэхэращ», — жиIащ Темрезов Рэшид.

ФIыщIэ

## Хэхыныгъэхэр къапщытэжу

КъинэмыщIауэ, республикэм и лIыщхьэм фIыщIэ яхуищIащ КъЧР-м и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI Абазалиевэ Ларисэ, районхэм, къалэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэм, комиссэ аппаратым и лэжьакIуэхэм, хэхакIуэ комиссэ псоми хэтхэм.

Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэм республикэм щыпсэу дэтхэнэми фIыщIэ яхуищIащ хэхыныгъэхэм жыджэру зэрыхэтам папщIэ. Темрезов Рэшид къыхигъэщащ Къэрэшей-Черкесым зэгурыIуэныгъэ, зэкъуэтыныгъэ лъагэ къызэригъэлъэгъуар.

**ЧЫРБЫЖ Иринэ**

**Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид лэжьыгъэ IуэхукIэ IущIащ «Сбербанк России» ПАО-м ди хэгъуэгум щиIэ къудамэм и унафэщI Джазов Заур.**

## Социальнэ проектхэм

Зэпсэлъэныгъэм хэтащ ди республикэм и Правительствэм и тхьэмадэ Аргун Мурат.

ЗэIущIэм ипкъ иту я гугъу ящIащ хэгъуэгумкIэ мыхьэнэ зиIэ социальнэ проектхэм. Апхуэдэщ цифрэ технологиехэр, искусственнэ интеллектым и технологиехэр туризмэм, ЖКХ-м, узыншагъэр хъумэным, транспорт кIуэрабгъухэм хуэмурэ хэгъэхьэныр.

Темрезов Рэшид къызэрыхигъэщамкIэ, апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм щхьэпэнущ.

КъаIэта упщIэхэм ящыщщ Министерствэхэм щылажьэхэр цифрэ технологиехэм теухуауэ Сбербанкым иIэ программэхэм хуегъэджэныр.

**КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу**

Лъэпкъхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр

# Iыхьлы зэхущытыкIэхэр — цIыхубэ дипломатием щыщ Iыхьэщ



Iыхьлы зэхущытыкIэхэр Ищхъэрэ Кавказым щызэфIэуващ икIи къыщокIуэкI цIыхугъэ кIуэрабгъу зиIэ щэнхабзэ мардэхэмрэ хабзэхэмрэ я бэз псом тещIыхьауэ. Iыхьлыгъэ зэпыщIэныгъэхэмрэ цIыхухэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэмрэкIэ цIыхур къащхьэщокI адрей псэущхьэхэм. ЛIакъуэ, унагъуэ хабзэхэр щхьопэ щэнхабзэ зэхэщIыкIыр ныбжьхэм зэIэпахыным икIи хуабжьу сэбэп хуохъу къытщIэхъуэ щIэблэр лъэпкъ хабзэхэм тету гъэсэным. Гуапэщ зэхъуэкIыныгъэ, зэхъуэкIыныгъэ нэужь лъэхъэнэхэм зи пщIэр екIурэха хабзэхэр иджы Iыхьлы зэгухьэныгъэхэмрэ зы унагъуэцIэ зезыхьэхэм я зэIущIэхэмрэкIэ къызэрыщIэрэщIэжымрэ нэхъ быдэ зэрыхъумрэ.

ИщхьэкIэ зи гугъу тщIар фIы дыдэу щIегъэбыдэ ди осетин къуэшхэм ядедгъэкIуэкIа зэIущIэм. Осетием и хьэщIэгъафIэ щIыналъэм щызэхыхьа зэхуэсым ущхьэгъу хуэхъуащ Ищхъэрэ Осетие-Аланием и цIыхубэ тхакIуэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Даур Дамир и юбилейр – илъэс 85-рэ зэрырикъур зэрагъэлъапIэр. Ар яхохьэ осетин литературэм и лIыкIуэ щэджащэхэм икIи иджырей Осетием и тхакIуэ нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм ящыщ зыщ. Беслан къалэм щекIуэкIа махуэщI хьэгъуэлIыгъуэм къекIуэлIащ: Къэрэшей-Черкесым къикIыу – Даурхэ я лъэпкъым и нэхъыжь, журналист икIи тхакIуэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Даур Жэхьфэр, республикэм и адыгэ лъэпкъым и нэхъыжьхэм я Советым и тхьэмадэ, профессор Даур Борис; Къэбэрдей-Балъкъэрым къикIыу – Ищхъэрэ Кавказым щыIэ зэIыхьлы унагъуэцIэхэм я къуэш зэхущытыкIэхэр зэтегъэпсыхьынымкIэ координатор Даур Хъызыр, нэгъуэщI куэдыр. ГъэпсыкIэ гуапэм и къэухьхэм иту, юбилярым и унэм къыщытпежьащ и Iыхьлыхэмрэ и ныбжьэгъухэмрэ. ГуфIэгъуэ зэхыхьэм къэкIуащ къэрал, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, Ищхъэрэ Осетие-Аланием лъэпкъ IуэхухэмкIэ и министр Багиев Алан, Беслан къалэ администрацэм и лIыкIуэхэр, литературэмрэ гъуазджэхэмрэ Iуэхузехьэхэр, Iыхьлыхэмрэ гъунэгъухэмрэ, ныбжьэгъухэр.

Юбилярым и пщIантIэм дэтхэр гуапэу къытпежьащ. Адыгэ фащэ зыщыгъ, адыгэ хъурыфэ пыIэ дахэр зыщхьэрымыкI лIы зэкIуж, илъэс 93-рэ зи ныбжь Даур Жэхьфэр машинэм къыщиувыкIым, Iэгуауэшхуэ къэIуащ. Быдэу IэплIэ зэхуащIа нэужь, Жэхьфэр кавказ пыIэ хъурыфэ Дамир щхьэритIэгъащ икIи жиIащ: «Мы пыIэм щхьэр игъэхуабэ къудейкъым, ар ныбжь губзыгъагъэм, лIыгъэмрэ щхьэм пщIэ хуэщIыжыныммрэ я нагъыщэщ. Нобэ уэ апхуэдэ ныбжьым уитщи, мы пыIэр пхуэфащэщ. Уузыншэу икIи псори дыбгъэгуфIэу зехьэ».

Дамир и гум, и псэм къабгъэдэкIыу фIыщIэ къахуищIащ апхуэдэ фэ къызэрыраплъам къыхэкIыу икIи жиIащ Даур лъэпкъым и нэхъыжьым къыхуигъэфэща пыIэм и пщIэр къызэримыгъэлъэхъшэнум зэрыпылъынур.

ЦIыху зэтеубыдауэ щыт, зи щхьэм пщIэ хуэзыщIыж юбилярым идакъым езым и цIэкIэ жылагъуэ утыкум дауэдапщэшхуэхэр щызэхашэу, ар къекIутэкъым СВО-р щрагъэкIуэкI зэман гугъум. ХьэщIэхэр псори щIашащ юбилярым и унэм. Абдежым щаузэда махуэщI Iэнэм осетин лъэпкъ хабзэхэм тету дыбгъэдишащ дауэдапщэхэр зи цIэкIэ зэхыхьа Дамир.

Псори щыгъуазэщ осетинхэр — зи лъэпкъ хабзэхэр зыгъэзащIэ, нэхъыжьхэм фэ езыплъ лъэпкъыу, хьэщIэгъафIэу зэрыщытым. Дэ гъэщIэгъуэн дыдэ тщыхъуащ осетинхэм я Iэнэри. Ар зэрауздымрэ абы зэрыбгъэдэсымрэ лъэпкъ щэнхабзэм мыхьэнэшхуэ зиIэ и Iыхьэщ, лъэпкъым и гупсысэкIэмрэ и дуней тетыкIэмрэ къэзыгъэлъагъуэщ. Дэ къыдгурыIуащ: осетин Iэнэ хабзэхэр зытещIыхьар цIыхухэр ягу пэщыху шхэн, ефэн закъуэракъым, мыбдеж цIыхухэр зэдоуэршэр, къагъэлъагъуэ я щэнхабзэмрэ лъэпкъ зэхэтыкIэмрэ.

Къытщыхъут адыгэ Iэнэр зэраузэдым, абы епха адыгэ хабзэхэм щыгъуазэ дэ дэбгъэгъэщIэгъуэн гуэр дэбгъэлъагъуныр икъукIэ Iуэху гугъуу. Ауэ сэрэ пщIэшхуэ зиIэ ди нэхъыжь Даур Жэхьфэррэ дихьэхуащ осетинхэм Iэнэр зэрызэтрагъэувэм, шхыныгъуэхэр зэрызэкIэлъахьым, хъуэхъухэр дахэу зэрызэкIэлъыкIуэм, Iэнэм и тхьэмадэмрэ абы бгъэдэс нэхъыжьитIымрэ пщIэ зэрыхуащIым, нэгъуэщI куэдым. Iэнэм и нэхъыжьым и пащхьэ ит тепщэчышхуэм илът мэл щхьэ гъэварэ блатхьэрэ, дахэу зэтелъ осетин дэлэнищ. Шхэн щIамыдзэ щIыкIэ нэхъыжьым и лъащIэIуэкIэ къыщысхэм ящыщ зым зэтригъэкIуэтащ дэлэнхэр, ахэр хьэкъыпIэкIэ щы зэрыхъур нэрылъагъу ищIу. Абы къокI дауэдапщэр гуфIэгъуэм зэрытеIукIыр, дэлэнхэр тIу нэхъ мыхъумэ, абы къагъэлъагъуэ Iэнэр нэщхъеягъуэ IуэхукIэ зэрагъэувар.

Iэнэм и нэхъыжьыр — тхьэмадэр къэтэджащ, и Iэ ижьымкIэ сырэ зэрыт Iэгубжьэ, сэмэгумкIэ мэл блатхьэ иIыгъыу. Ину Тхьэ елъэIуащ, щихъхэм захуигъэзащ. А япэ бжьэмрэ хъуэхъумрэ кIэлъыкIуэу Iэнэм бгъэдэсхэм ефэн, ешхэн щIадзэ хъунут. Нэхъыжьым кIэлъыкIуэу Iэнэм пэрысхэм я нэхъыщIэ дыдэм дэлэнищым ящыщу ищхьэм телъым тыкъыр къыпичри ишхащ (ерыскъым япэу нэхъыщIэр) ирагъэдзакъэ. Абы иужь дэлэнищыр Iэнэм и кумкIэ къагъэкIуатэри, Iыхьийуэ зэпаупщIащ. Осетин махуэщI Iэнэм пэрысхэм етIуанэ тхьэлъэIумкIэ зыхуагъазэ лIыхэм, гъуэгурыкIуэхэмрэ зауэлIхэмрэ я къыщхьэщыжакIуэ Щихъ Уэстырджи, е нэгъуэщIу жыпIэмэ, Щихъ Георгий. Ещанэ тхьэлъэIур яхуэгъэзащ Iэнэр къыщIызэтрагъэува юбилярымрэ абы и хьэщIэхэмрэ.

ИужькIэ псалъэ иратащ пщIэ зиIэ хьэщIэм, юбилярым и ижьырабгъумкIэ къыщыс Даур Жэхьфэр. Ар Дамир ехъуэхъуащ, узыншагъэрэ творческэ ехъулIэныгъэщIэхэмрэкIэ. Даур Жэхьфэр сэ пщэрылъ къысхуищIащ хъуэхъухэм сыкъеджэну. Си гуапэ дыдэу утыкум къисхьащ Абхъазымрэ Адыгэ Республикэмрэ, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Черкесымрэ щыпсэу Даурхэм къабгъэдэкI хъуэхъу псалъэхэр, Къэрэшей-Черкесым и тхакIуэхэм я Союзым и ЩIыхь тхылъыр, Союзым и тхьэмадэ Хубиев Ислъам и Iэпэ щIэлъу. Лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ Къэрэшей-Черкесым и нэхъыжьхэм я Советым къыбгъэдэкIыу Даур Дамир еттащ Советым и тыгъэ нэхъыщхьэр – «Честь и слава» медалыр.

Багиев Алан къыхигъэщащ Даур Дамир литературэ творчествэм, лъэпкъ зэхущытыкIэхэм загъэужьыным хуищIа хэлъхьэныгъэр. Министрыр илъэс 70-мкIэ ехъуэхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къикIа Даур Хъызыри.

ЮбиляритIми иратащ Ищхъэрэ Осетие-Аланием лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ и Министерствэм и ЩIыхь тхылъхэр. Даур Дамир ехъуэхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къикIа хьэщIэхэр, Беслан къалэмрэ районымрэ я администрацэхэм я лIыкIуэхэр, Дамир и хэкуэгъухэмрэ и ныбжьэгъухэмрэ.

Къэпсэлъа псоми къыхагъэщащ Даур Дамир и IэпщIэлъапщIагъэмрэ и цIыхугъэмрэ. Гулъытэншэ хъуакъым юбилярым и гъащIэ гъуэгуэгъу, и щхьэгъусэ Фатими. Дэ псори абы дыхуэарэзыщ и хьэщIэгъэфIагъэмрэ и жумартыгъэмрэ папщIэ.

Иужьрей тхьэлъэIур хуэгъэзат хьэщIэхэр гъуэгу махуэ техьэжыным. АбыкIэ зыхуагъэзащ гъуэгурыкIуэхэм я къыщхьэщыжакIуэ Щихъ Уэстырджи. Iэнэм къыддыпэрысахэм гуапэу гъуэгу дыкъытрагъэхьэжащ.

Дэ иджыри зэ ди фIэщ хъуащ Ищхъэрэ Осетие-Аланием, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Черкесым, Адыгэ Республикэм, Абхъазым зы унагъуэцIэ зезыхьэу, зы тхыдэ лъапсэ яIэу щыпсэухэм я лIыкIуэхэм я зэхуэсхэр мамырыгъэмрэ къуэш зэхущытыкIэхэмрэ гъэбыдэным зэрыщхьэпэр, щхьэпэн зэрыхуейр. «ЦIыхубэ дипломатием» и сэбэпагъыр иджыри зэ къэдгъэлъэгъуащ. Абы и гъерэтыр куэдымкIэ елъытащ мыпхуэдэ къуэш зэIущIэхэм, зауэмрэ гуащIэдэкIымрэ я лIыхъужьхэр, еджагъэшхуэхэр, жылагъуэ Iуэхузехьэ цIэрыIуэхэр Iыхьлы зэпыщIэныгъэхэмкIэ зэрагъэлъапIэм! Аращ къызыхэкIыр шыIэныгъэр, дзыхь зэхуэщIыныр. Догугъэ мыпхуэдэ зэIущIэхэр хабзэ хъуну, ар мамырыгъэмрэ лъэпкъхэм я зэгъунэгъу зэхущытыкIэ гуапэхэмрэ гъэбыдэным щхьэпэну...

**ДАУР Борис, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор**



СВО - псапащIэ



**«Черкес хэку» газетым и хьэщIэщым ди гуапэ дыдэу дыщыIущIащ Адыгэ-Хьэблэ къуажэм щыпсэу унэгуащэм, бзылъхугъэ гуапэм, гушхуэ зыкIуэцIылъым, псэ къабзэ зиIэм. Ар Аслъэныкъуэ Заремэ Мамэтбий ипхъуращ. Гудзакъэ ин зыхэлъ мы бзылъхугъэ гумызагъэм зэригъэпэщ, зэригъэуIу лэжьыгъэм и куэдагъри, и мыхьэнэри, и хьэлъагъри къэлъытэгъуейщ.**

# ЦIыхупсэм и беягъым и щапхъэу

Зауэ операцэ хэхар ди къэралым зэрыригъажьэрэ Заремэрэ абы акъылэгъу хуэхъуа ди хэкуэгъухэмрэ контрактIэ, мобилизацэкIэ зауэм кIуа ди щIалэхэм щIэгъэкъуэнышхуэ яхуохъу. Апхуэдэу, езыхэм я гукъэкIкIэ социальнэ зэпыщIэныгъэм «Помощь бойцам из КЧР» гуп къызэрагъэпэщащ, ди зауэлIхэр зыхуэныкъуэхэмкIэ зэрадэIэпыкъунум жэщи-махуи хуолажьэхэ.

Заремэ Хьэбэз къуажэм къыщалъхуащ, Гъуэщокъуэхэ япхъущ. Карачаевск къалэм дэт педагогическэ университетыр къиухащ. УрысыбзэмрэлитературэмрэкIэ егъэджакIуэти, Адыгэ-Хьэблэ районым практикэ ягъакIуэри, абдеж унагъуэ щихьащ. Илъэс 13-кIэ Садовэ жылагъуэм дэт еджапIэм щригъэджащ.

СВО-р къызэрежьэрэ Заремэ абы зэуэ псэкIэ пыщIа хъуащ. Сыту жыпIэмэ, и щIалэр япэ махуэхэм щыщIэдзауэ абы щыIэщ: ар контрактникыу къулыкъу ищIэти, зэуэ дашахэм яхэхуащ. ЗэрыжиIэмкIэ, япэхуным дэкIахэм я хъыбар мазэ бжыгъэкIэ щыIакъым. Нэгум къыщIэгъэхьэгъуейт апщыгъуэм анэгум ишэчар.

Ауэ иужькIэ, мобилизацэкIэ дашахэр щынэсым, зэпыщIэныгъэ яIэ хъуащ: щIалэхэр къэпсалъэт, къатхэт. Апхуэдэу, Iыхьлыхэм хъыбар къаIэрыхьащ щIалэхэр куэдым зэрыхуэныкъуэр.

— Псалъэм папщIэ, си щхьэгъусэмрэ сэрэ мурад тщIащ «буржуйкэ» ди щIалэхэм яхуэдгъэвэну. Си щхьэгъусэм гъущI игъэвэфти, гупсысэ кIыхь дыхэтакъым. ГъущI къэтщыпмэ, ди гъунэгъухэм, Iыхьлыхэм къытхуахьурэ «буржуйкэ» 15 дгъэващ. Ахэр я закъуэ едмыгъашэу, Iугъуэ зэрыкIын уэнжакъи щIыдгъужыну мурад тщIащ. Ахэр тыкуэным къыщытщэхуну тедубыдащ. Сыщымыуэмэ, си щхьэгъусэр Эркен-Щыхьэрт здэщахуэри, апхуэдизым ирищIэным, ахэр здригъэшэнум тыкуэныр зейхэр щыгъуазэ щищIым, пщIэншэу 15-ри кърatащ. КъинэмыщIауэ, Iэдэ-уадэ, джыдэ жыпIэми, абыхэми хуейти ахэри къэтщэхуащ.

Ди къуажэм щыщ Лахъухэ я тыкуэным шхынхэкIхэр къэтщэхунути, ахэри здедгъэхьынум щыгъуазэти, ахъшэ тIахакъым. Апхуэдэу ди япэ хьэлъэр щIалэхэм яхузэдгъэпэщри, едгъэшауэ щытащ, — игу къегъэкIыж Заремэ.

ЩIыIэр зэгуэуа щIалэхэм зэрызагъэхуабэ Iэмэпсымэхэм зэрыщыгуфIыкIар къэIуэтэгъуейщ. Хьэку 15-ри нашэсри, нэхъ хуэныкъуэхэм трагуэшат. Аслъэныкъуэхэ я къуэми зэрылъысар хъыбару къаIэрыхьэжащ...

«Помощь бойцам из КЧР» гупыр зэрыхъуам и гугъу пщIымэ, адэ-анэхэм я гудзакъагъым къыхэкIащ. КонтрактIэ къулыкъу зыщIэ щIалэхэм я адэ-анэхэри куэд щIауэ зэрыцIыхут, зэпыщIахэт. Арати, СВО-р къыщежьэм нэхъ тыншу зэгурыIуэн щхьэкIэ цIыху зытхух нэхъ зэрымыгъэхъуу къызэрехьэжьащ. Ауэ иужькIэ я Iыхьлыхэм, я гъунэгъухэм, нэгъуэщI районхэм, къалэхэм щыпсэухэр я хэкупсагъэкIэ, я гудзакъагъэкIэ гупым и лэжьыгъэм къыхыхьэу щIадзащ. НобэкIэ ахэр цIыху 230-м щIегъу, дэтхэнэри, Заремэ зэрыжиIэщи, еш ямыIэу ди зауэлIхэм сэбэп зэрахуэхъунум хущIокъу.

— А гупым лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къахэкIахэр хэтщ. Мыбдеж иджыри зэ уи фIэщ мэхъу лъэпкъ Iей зэрыщымыIэр, атIэ цIыху Iейщ щыIэр, — къыхегъэщ ди псэлъэгъум.

Дыгъэгъазэм и 20-м гупыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс ирикъуати, а пIалъэм ехъулIэу, гупым сом мелуани 2,5-рэ зэхуахьэсауэ щытащ. АбыкIэ ди зауэлIхэр зыхуэныкъуэхэр хурагъэшащ. Ар ахъшэ къудейуэ. ШхынхэкIхэмрэ, щыгъынхэмрэ-щэ? Псори зэхэту нобэкIэ мы гупым къыбгъэдэкIыу СВО-р здыщекIуэкI щIыпIэм гуманитар хьэлъэу тонн 60-м щIигъу ирагъэхьагъэххэщ. Мазэм 3-4 хьэлъэр зауапIэм Iутхэм хурагъашэ.

— Си телефон номерыр яхэIуащи, сцIыхухэми сымыцIыху щIалэхэми къысхуащI. ЗэрытлъэкIымкIэ псоми дадоIэпыкъу. Ахэри зыгуэрым и сабийщ, ди зэхуэдэщ, зы къалэнщ абдеж щагъэзащIэр, – къыпещэ Заремэ.

Къащэхухэр, цIыхухэм кърахьэлIэхэр зэрырагъашэм и гугъу ищIкIэрэ, мыр жеIэ Заремэ:

— ЩытыкIэ куэд дихуащ. АхъшэкIэ ди гуманитар хьэлъэр щедгъэшаи къытхуихуащ. Ауэ иужькIэ телеграм-канал зэпыщIэныгъэм «Dontstopwar» гупым сапэщIэхуащ. Ахэр ныбжьыщIэ дыдэщ. ЦIыху 15 хъуми арат. Ауэ а ныбжьыщIэхэм ящIэмрэ зэрагъэзахуэмрэ балигъ ныбжьыфI зиIэ куэдым яхуэщIэнукъым. Я гумызагъагъкIэ, я хэкупсагъэкIэ СВО-м Iут ди щIалэхэм зыщIагъакъуэ: зыхуэныкъуэхэр зэрагъэцIыхури, зэрагъэпэщри хуашэ.

Мис, апхуэдэу, дагурыIуа хъури, а щIалэхэм ди гуманитар хьэлъэр тхуашэ хъуащ. Зэхэуэхэр здыщекIуэкI дыдэм нэс яшэ жытIэми дыщыуэнукъым. Я лэжьэкIэм и щапхъэу жысIэну сыхуейщ машинэфIу, лъапIэу, сыт хуэдэ гъуэгуми тегъэпсыхьа внедорожники 7 зауэм Iут ди щIалэхэм зэрыхурагъэшар. Ар къыщIыхэзгъэщыр аращи, нэхъ пуду нэхъыбэ ирагъэшэфынут. Ауэ «мыпхуэдэ машинэфIхэм ди зауэлIхэм лъэкIыныгъэ кърат псэууэ зэхэуэхэм къыхэкIыжыну» жаIэ.

«Буханкэ»-м къеуэмэ, исхэр псори еукI. «Нивэ»-р тыншкъым, зауэлI экипировкэр щыпщыгъкIэ, абы къыхэкIыу нэхъ мащIэми нэхъыфIу зэрыхурагъэшэным хущIокъухэ. Мы гупым хэтхэр псори си къуэ хъуащ. Апхуэдэ щIалэгъуалэ нобэ зэрыщыIэр уи псэр зыгъэгуфIэ щытыкIэщ, — дыщегъэгъуазэ гупым я лэжьыгъэм бзылъхугъэ гумызагъэм.

Мы щIалэхэм ящIэм и мыхьэнэр къазэрыгурыIуэр белджылы ящIын папщIэ, Заремэ Урысейм и бзылъхугъэхэм я Союзым КъЧР-м щиIэ къудамэм и унафэщI Борлаковэ Маринэ елъэIури, щIалэхэр ди хэгъуэгум кърагъэблагъэри (езыхэр нэгъуэщI хэгъуэгущ зыщыщхэр) фIыщIэ тхылъхэр хуагъэфэщащ.

ИужькIэ, гъатхэпэм и 2-м а щIалэхэм «80 лет освобождения Донбасса» медалхэри КПРФ-м и хэгъуэгу къудамэм и унафэщI Бытдаев Кемал яIэригъэхьащ, я анэхэми апхуэдэ къуэ зэрагъэсам папщIэ фIыщIэ тхылъхэр яхуигъэфэщащ.

— Ар щызэфIэкIым, гукIэ псэкIэ спэгъунэгъу хъуа щIалэхэмрэ я анэхэмрэ Адыгэ-Хьэблэ езгъэблагъэри си акъылэгъухэр сщIыгъуу фIы дыдэу дгъэхьэщIащ, — жеIэ Заремэ.

Зэпсэлъэныгъэм къыдэкIуэу, дыщIэупщIащ фронтым нэхъыбэу хурагъашэмкIэ.

— Пэжыр жысIэнщи, нэхъыбэу дрон, антидрон, монокуляр, тепловизор хуэдэхэращ нэхъ зыхуэныкъуэр. Ауэ унагъуэ ерыскъыми хуабжьу щогуфIыкI. «Передовойм» щыIэхэр пщэфIэфкъым, абы къыхэкIыу лыгъуру е копчёнэу, пхъэщхьэмыщхьэ гъэгъуахэр, шэжыпс кхъуейхэр зэраIэщIэдгъэхьэным дыпылъщ. Нэхъыбэрэ мыкIуэдыну ерыскъыхэращ нэхъ зэтхьэлIэр. НэгъуэщIхэм, пщэфIэну Iэмал зиIэхэм, лы цIынэри, дагъэри, нэгъуэщI ерыскъы гъуэщэхэри яхудогъашэ.

Зэи лей мыхъур салфеткэ псыIэхэр, «сухой душ» жыхуиIэр, окопэ уэздыгъэхэр, хущхъуэхэращ, — гурыIуэгъуэ тщещI бзылъхугъэм.

Заремэ и гугъу къытхуещI СВО-м щыIэ ди щIалэхэм сабийхэм къабгъэдэкIа письмохэр зэрыхурагъэхьми.

— ЛIыгъэ зезыхьэу фронтым Iутхэр гъыуэ плъэгъуа?.. АтIэ, сабийхэм ятха письмохэм къыщеджэкIэ, а щIалэ хахуэхэм я нэпс къафIокIуэ... Сабийхэм ди зауэлIхэм фIыщIэ псалъэхэр хужаIэ, ахэр мамырыгъэм зэрыщIэзэур къазэрыгурыIуэр къыхагъэщ, — жеIэ Заремэ и нэпсыр къыфIекIуэу.

➔ 3

ПсапащIэ

# Палестинэм папщIэ

Мы махуэхэм Палестинэм щыпсэухэм Къэрэшей-Черкесым къыбгъэдэкIыу тонн 30 зи хьэлъагъ гуманитар дэIэпыкъуныгъэ Урысейм и МЧС-м и кхъухьлъатэкIэ хурагъэхьащ. Тонн 30-м щыщу, 25-р Къэрэшей-Черкесым зэригъэпэщащ. Кхъухьлъатэр Минеральные Воды дэт аэропортым илъэтыкIри, Мысырым щыIэ Эль-Ариш аэропортым къыщытIысащ. Абдеж гуманитар хьэлъэр Мысырым щыIэ Мазэныкъуэ Плъыжь жылагъуэм къащтэнущи, абыхэм дэIэпыкъуныгъэр Газэм щыпсэухэм Iэрагъэхьэжынущ.

Мыпхуэдэ дэIэпыкъуныгъэр зэфIэкIын папщIэ, Урысейм и Президент Путин Владимир и унафэрэ Урысейм и МЧС-м и Iэтащхьэм и лъэIукIэрэ къызэрагъэпэщащ.

Ирагъэхьам хыхьащ «Гуманитар хьэлъэ» шхыныгъуэхэр, зызэрагъэкъабзэ Iэмэпсымэхэр. Къыхэгъэщыпхъэщи, хьэлъэр щызэхуахьэсым къыхалъытащ Газэм щыпсэухэр нэхъ зыщIэлъэIуахэр.

**ЧЫРБЫЖ Иринэ**



ЗэкъуэтыныгъэN

**Илъэс 80-кIэ узэIэбэкIыжмэ, балъкъэр лъэпкъым и натIэ хъуащ залымыгъэрэ цIыхугъэншагъэрэ зыхэлъ гъэунэхуныгъэ шынагъуэ.**

# КъэщIэрэщIэжыныгъэм

«Илъэс 13-кIэ лъэпкъыр хьэзаб хэтащ къыздалъхуа хэгъуэгумрэ я унэ жьэгухэмрэ щыпэIэщIэ хамэщIым. Иджы блэкIам къыхэнащ балъкъэрхэм я тхыдэм и къэхъугъэ гущIыхьэхэр. Балъкъэрхэр зэрызэкъуэтымрэ зэрызэдэIэпыкъумрэ, лIыгъэ зэрахэлъымрэ гуащIэрылажьэу зэрыщытымрэ я фIыгъэкIэ лъэпкъыр къызэтенащ. Яхъумащ я анэдэлъхубзэмрэ зыми емыщхь я щэнхабзэ къызэрымыкIуэмрэ. Здэпсэуа щIыналъэм къагъэзэжауэ, я хэлъхьэныгъэ Iыхьэ хуащI Къэбэрдей-Балъкъэр лъэпкъыбэмрэ Урысей инымрэ я зыужьыныгъэм.

Дэ, Къэрэшей-Черкесым щыпсэухэм, къыдгуроIуэ, псэкIэ зыхыдощIэ къуэш балъкъэр лъэпкъым игъэва узымрэ ишэча гуауэмрэ», — итхащ КъЧР-м и Iэтащхьэм и телеграм-каналым.

**ПАЩIЭ Хьэдис**

Унагъуэм и Илъэсым

# СыткIи щапхъэщ



ДЖУДЖУ Дианэ къыхъухьащ сабий куэд зэрыс унагъуэм. И анэм сабийхэр игъасэт, лажьэт икIи еджэт. Дианэ щыцIыкIум фIэфIт гуащэ унэ джэгуну икIи жиIэ зэпытт: «БалигъыпIэм сиувэмэ, анэ сыхъунущ...» Абы жиIэу щытахэр унагъуэм исхэм ягу къэкIыжащ Дианэ еджапIэр къиуха нэужь «Социальнэ лэжьакIуэ» IэщIагъэ зригъэгъуэтыну институтым щыщIыхьам. Апщыгъуэм псоми къагурыIуащ абы и гъащIэр и дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэм зэрарипхар. Институтым щеджэм, ар куэдрэ сабий Унэм кIуэт. Абдежми къахуэмыгъэсыжу къежьэт нэIуасэ къыхуэхъуа цIыкIухэр.

Унагъуэ ихьа, сабий къыщIэхъуа нэужь, Дианэ и анэ лъагъуныгъэр зэрыщыту быным ятриубгъуащ. Бынищ ипIт, ауэ ар къемэщIэкI хъуащ. Куэд мыщIэу къыхуэхъуащ иджыри зы нану цIыкIу. Илъэсищ текIа нэужь, абы игъуэтащ сабий етхуанэри.

Ар щылажьэт узыншагъэкIэ зи лъэкIыныгъэхэр пыбзыкIа сабийхэр здыщаIыгъ социально-реабилитацэ купсэм. И лэжьыгъэр и псэм хэпщIа нэужь, абы пищащ анэхэм гугъуехьхэр къызэранэкIынымкIэ ядэIэпыкъуным. ФIэфIыщэт и анэшхуэхэмрэ и адэшхуэхэмрэ куэдрэ яхуэкIуэну. Хьэзырт абыхэм ягу къагъэкIыжхэм сыхьэт бжыгъэкIэ щIэдэIуну.

Дианэ нобэ полицэм щолажьэ, ауэ мыбдежми и лэжьыгъэр сабийхэм япхащ. Абы цIыкIухэр хуегъасэ гъуэгу шынагъуэншагъэм. Ядэджэгу щIыкIэм иту сабийхэр хуеунэтI ахэр гъуэгум и лъэс зэпрыкIыпIэхэм хабзэм тету ирикIуэным.

Дианэ сабиитху иIэщ. И къуэ нэхъыжьитIыр колледжым щоджэ, икIи лажьэурэ, я анэм пыдзэ хуохъу. Абы щIыгъуу ахэр спортми дехьэх. Абы къыщалъэщ щIыхь тхылъхэмрэ саугъэт зэхуэмыдэхэмрэ. КъэралкIуэцI IуэхухэмкIэ Министерствэм къызэригъэпэщ дауэдапщэхэм жыджэру зэрыхэтым папщIэ, абыхэм мызэ-мытIэу саугъэт зэхуэмыдэхэмкIэ я цIэр фIыкIэ къриIуащ.

Курыт щIалэр иджыри еджапIэм и етхуанэ классым щIэсщ. «ПлIы» нагъыщэр къыхимыгъахуэу, «тху» зэфэзэщкIэ йоджэ. Жыджэру хэтщ еджапIэм щызэхашэ Iуэхухэм, олимпиадэхэм, абыи куэдрэ къыхуагъэфащэ щIыхь тхылъхэмрэ фIыщIапщIэхэмрэ. Дехьэх археологием.

— Ар щIохъуэпс археолог хъуным, ауэ къызэрысщыхъумкIэ, абы гъэсакIуэфI къыхэкIынут, сыту жыпIэмэ, ар фIы дыдэу яполъэщ и шынэхъыщIэмрэ и шыпхъу цIыкIумрэ я гъэсэным. Ахэр щIэх дыдэ джэгуным дрегъэхьэхыф.

Пщащэр зэкъуэшиплIым я шыпхъу закъуэщи, зэдагъафIэ. А цIыкIум и шыпхъу жэуаплыгъэр фIы дыдэу зыхещIэ икIи и дэлъхухэм сыт и лъэныкъуэкIи гулъытэкIэ яподжэж. Ар зэрыхъуар илъэситху къудейщ, арами куэду фIыуэ ещIэ хэт сыт хуэдэ щыгъын зыщитIэгъэнуми, хэт сыт хуэдэ пщэрылъ унагъуэм деж къыхуэззэми. Хэт шхами, хэт IэфIыкIэ гуэрхэр къыхуэгъэнапхъэми... Зыщигъэгъупщэкъым дэлъхуиплI зэриIэр.

Псом нэхърэ нэхъыщIэр адрейхэм я лейуэ ткIийщ икIи бзаджэщ. Ар илъэситI къудейщ зэрыхъур, ауэ езым къыхехыж зэпсэлъэнымрэ зи гупэ хэлъынымрэ. Псори абы къыдэджэгуну хуейщ, ауэ езым игу къищтэхэращ зыбгъэдигъыхьэр. Ар иджыри тэрэзу псалъэкъым, ауэ илъэс щыхъуам щегъэжьауэ, уэрэд жеIэ. Телевизорым къихьэ уэрэджыIэхэмрэ къекIуэкI уэрэдхэмрэ къыбжиIэфынущ. Махуэ псом къежыхь, макъамэ гуэрхэр и дзапэ уэрэду. Сэ къызэрысщыхъумкIэ, абы макъамэтх е уэрэджыIэ къыхэкIынущ, — жеIэ сабийхэм я анэм.

ЩIыдгъужынщи, мы унагъуэм щыхабзэщ Iуэху псори зэдащIэныр, зэдэIэпыкъуныр. Ар я къыхуеджэныгъэуи зэдопсэу. Я унагъуэ хабзэщ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм я дадэмрэ нанэмрэ ядэIэпыкъуныр. Хадэр ягъэкъэбза, къатIа е япщIа нэужь, пщIантIэр зэлъыIуах. Пщыхьэщхьэм хьэуа къабзэм хэсу мафIэ зэщIагъанэри, хъыбар зэхуэмыдэ куэд ягу къагъэкIыж. Зэдогуашэ зэпыт я ехъулIэныгъэхэмрэ ящIэну къапэщылъхэмрэкIэ. ИкIи я насып махуащ я анэшхуэр зэрысабий психологыр. Абыхэм гъунэжу яIэщ жаIэнрэ зытепсэлъыхьынрэ. Хэти егъуэт зыхуэныкъуэ жэуапхэмрэ чэнджэщхэмрэ.

Гу лъытапхъэщи, быным я щIалэ нэхъыжьхэр волонтер лэжьыгъэм жыджэру хэтщ. Фондхэм ядоIэпыкъу, ерыскъыхэкI хуэныкъуэ унагъуэхэм Iэрагъэхьэ. Абыхэм къадокIуэкI унагъуэ хабзэ куэд, ауэ псом япэр икIи нэхъыщхьэр яхэлъ гъэсэныгъэращ, зыщалъхуа щIыналъэр фIыуэ зэралъагъуращ.

КъызэрымыкIуэу фIыуэ ялъагъу я хэку цIыкIумрэ Урысей къэрал уардэмрэ. ПщIэ хуащI икIи зрапщыт къадекIуэкI хабзэхэм. Зэрыунагъуэу жыджэру хэтщ ди республикэм щрагъэкIуэкI Iуэху псоми.

Мы унагъуэм мызэ-мытIэу къытепсэлъыхьащ республикэм и хъыбарегъащIэ Iэмалхэри. Ди республикэм къыдекIуэкI хабзэхэр зехьэныр, абыхэм я къэухьхэм иту псэуныр мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхуу къалъытэ. ИкIи а унагъуэр зэгуэрэми текIкъым апхуэдэ гупсысэкIэмрэ Iуэху бгъэдыхьэкIэмрэ.

**ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ**

Зэгъэзэхуэжыныгъэ — Социальнэ инфраструктурэ

**2023 гъэм и гъатхэм Хьэбэз къуажэм дэт, Арэшыкъуэ Р. и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэм зэгъэзэхуэжыныгъэхэр щрагъэжьащ. 1975 гъэм яухуа, дяпэгъэ лIыщIыгъуэ ныкъуэ ныбжьыр зыгъэлъэпIэну мы къуажэ еджапIэм илъэс къэси зэгъэзэхуэжыныгъэ, лэнтекIэнхэр щызэпымыуами, мыпхуэдэ лэжьыгъэшхуэ къыщагъэхъеятэкъым. Езыри, еджапIэм и къару закъуэкIэ хузэфIэкIынутэкъым.**

# Куэд мыщIэу хьэзырынущ

Нобэ еджапIэм къыпхуэмыцIыхужыну зихъуэжащ. Къыхэгъэщыпхъэщи, пIалъэ кIэщIым къриубыдэу зэфIаха лэжьыгъэм фIагъ лъагэ иIэщ, УФ-м и Президентым и лIыкIуэу КъЧР-м щыIэм и къуэдзэ Надыкто Владимиррэ КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэ Аргун Муратрэ «ЛэжьакIуэ гупым» и пашэу еджапIэр къыщаплъыхьам къызэрыхагъэщащи.

— ФIыщIэ яхудощI курыт щIэнгъуазэр, курыт еджапIэхэр къызэгъэпэщыным, зэгъэзэхуэжыным, ухуэным гулъытэ хэха хуащIу, къэрал программэхэр хуэзыгъэлажьэ УФ-м и Президентми, КъЧР-м и Iэтащхьэми, еджапIэр техникэ, оборудованэ я лъэныкъуэкIэ къызэдгъэпэщынымкIэ щIэгъэкъуэнышхуэ къытхуэхъу егъэджэныгъэмкIэ Министерствэми, — къыддогуашэ еджапIэм и унафэщI Хъупсырокъуэ Иринэ.



Чырбыж псэуалъэшхуэу щыта еджапIэр къыпхуэмыцIыхужыну и теплъэкIи, и фэкIи зихъуэжащ, блынхэм ухуэныгъэм и иужьрей Iэмал къулейхэмкIэ елэжьащи.

ЕджапIэ кIуэцIыр къыщIедзэ бэдолэшхуэмкIэ. Абы фэ къытрагъэуэжащ. Лъэгуми фIыуэ елэжьащ. Уеблэмэ, дизайнер хагъэлэжьыхьащ мы Iуэхум. АтIэ, япэу еджапIэм щIыхьэр зыIуплъэр мы пэш инращ.





ЕджапIэм и унафэщIыр хуабжьу щогуфIыкI икIи иригушхуэу къыхегъэщ класс къэскIэ «бактерициднэ» лампIышхуэхэмкIэ къызэрызэгъэпэщар. Уеблэмэ, спортзалми апхуэдэ щIагъэуващ. ЖыIэпхъэщи, езы спортзалри иджы тегъэпсыхьа хъуащ зэхьэзэхуэшхуэхэм, физкультурэ дерсхэм.

ЕджапIэр къызэгъэпэщащ логопед, психологие, цифровой зыужьыныгъэм тегъэпсыхьа, дерс къэскIэ тыншу здрагъэкIуэкIыфыну класс щхьэхуэхэмкIэ. Ахэри техникэ, оборудованэ я лъэныкъуэкIэ къулейщ. ИIэщ еджапIэм «регулируемые парты» еджакIуэ тIысыпIэ хъарзынэхэри. ИкъукIэ дэгъуэу къызэрагъэпэщащ ОВЗ зиIэ сабийхэм яхуэлэжьэну пэшри.

ЕджапIэм иIэщ тIысыпIи 120-рэ хъу шхапIэшхуэ. ЕджакIуэ 360-рэ пщIэншэу ерыскъы пщтыркIэ махуэ къэс абдеж щагъашхэ. Ауэ езы IуэхущIапIэр икъукIэ гулъытэ хуэныкъуэт. ФIыуэ зэлэжьа шхапIэм иджы щIэтщ них зиIэ хьэкушхуэ, щIыIэлъитI, уеблэмэ хьэкъущыкъутхьэщI техникэ. ЛэжьакIуэхэм зэнагъэс электричествэ, шынагъуэншагъэ лъэныкъуэхэр.

СыткIэ нэр темыплъызэнрэ, ущымыгуфIыкIынрэ актовэ пэшым. Абы и утыкум зэ техьэгъуэу классиплI техуэнущ.

— Ди еджапIэр щэнхабзэ, гъуазджэ я лъэныкъуэкIэ щапхъэгъэлъагъуэщ, къафэ театр гупхэр диIэщ, я зыкъэгъэлъэгъуэныгъэ, утыку ихьэгъуэ къэс бжьыпэхэр къахьу, еджапIэм и щIыхьым пащэу. «Унагъуэм и Илъэс»-р къызэIутхкIэрэ, ди зыкъэгъэлъэгъуапIэ утыкури къызэIутхын ди мурадщ. Гугъу дехьащ апхуэдэ утыку зэрыдимыIэм къыхэкIыу, ауэ иджы тIуэтэжынущ, ди сабий зэчиифIэ, жан цIыкIухэм нэхъри заужьынущ, — и гуапэу къыхегъэщ унафэщIым.

Мы еджапIэм щIыхьэпIитI иIэщ. Нэхъыщхьэр къызэрагъэпэщащ хъумакIуэхэр здэплъырыну щIыпIэхэмкIэ.

— ЕджапIэр инщ, еджакIуэ куэд къокIуалIэ, шынагъуэншагъэм уемыгупсысыну Iэмал иIэкъым. Иджы плъырыпIитI диIэнущ, плъырхэр жэщми, махуэми лэжьэнущ. Турникет дгъэувынущ, сигнализацэкIэ дыхьэпIэдэкIыпIэр зэщIэдузэдэнущ, — къыщIегъу еджапIэм и унафэщIым.

ЕджакIуэ 1200-м ятегъэпсыхьа еджапIэм еджакIуэ 750-рэ къызэщIеубыдэ. Абыхэм дяпэкIэ яхуэлэжьэнущ техникэкIи, оборудованэкIи къызыхуэтыншэу къызэрагъэпэща класс 45-рэ.

— ЕджапIэм и бжэхэр щызэIутхыжынум дытемыпыIэжу псори дыпоплъэ: егъэджакIуэхэри, еджакIуэхэри, анэ-адэхэри. Iуэхуу къэнэжар мащIэщ, ахэр зэнагъэсыж лэжьакIуэподрядчикхэм. Абыхэм къыддаIэта лэжьыгъэшхуэм папщIэ фIыщIэ яхузощI егъэджакIуэ гупым къыдбгъэдэкIыу.

Iуэхухэр здынэсам, я классхэм ягъуэта теплъэ дахэм махуэкIэ къакIуэурэ зыщызыгъэгъуазэ еджакIуэхэри, балигъхэри дызэрыщыгуфIыкIынщи, куэд къэнэжакъым дыщызэхыхьэжынум. Псори аргуэру дыщызэхуэсыжынущ фIыщэу тлъагъу, иджы нэхъри ди гуи ди пси зыкIэрыпщIа ди еджапIэм, — жеIэ Хъупсырокъуэ Иринэ.

УнафэщIым и псалъэхэм къадэкIуэу дигу къокI бард Митяев Олег и уэрэдым хэт сатырхэр: «Сыту фIыщэ псори мыбдеж нобэ дызэрызэхуэсар!» — «Как здорово, что все мы здесь сегодня собрались!».

ЗэдыжамыIэми, тхьэм ирещIи, хэти игу къэкIыну къыщIэкIынщ ар, еджапIэм щызэхуэзэжмэ. Ирехъу ар еджапIэм и гъащIэщIэм, лъэбакъуэщIэм, зыхуэкIуэ лIыщIыгъуэ ныкъуэ ныбжь уардэм я нагъыщэ угъурлы!

**ТУАРШЫ Ирэ**

ХадэщIагъэ

# ХадэхэкIхэр нэхъыбэу

**Ди республикэм щIегъэхуабжьэ теплицэ хадэхэкIхэр нэхъыбэу гъэкIыным.**

Гъатхэпэм и 26-м ехъулIэу къащта гъэлъэгъуэныгъэхэм ягъэбелджылы лэжьыгъэхэкIыу тонни 8,19-рэ къызэрырахьэлIэжар. Ар нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм елъытауэ процент 38,2-кIэ нэхъыбэщ.

Хэхауэ губгъуэхэм нащэу кърахыжар тонни 8,18-рэ мэхъу, пIэтIрэжану — тонн 11,4-рэ.

Мурад ящIащ мы гъэр имыкI щIыкIэ щIыгу зэхуэщIакIэ ягъэкI хадэхэкIхэр тонн 46,2-м нагъэсыну. Теплицэ инхэм къащынэмыщIа, хадэхэкIхэр гъэкIынымкIэ республикэм и Iуэхур хуабжьу ягъэкIуатэ предприятэ ныбжьыщIэхэм. Абы ялэжь щIыгухэм къикIа шхынхэкIхэр куэду щыбогъуэт тучанхэми, бэзэрми.

Теплицэ хадэщIагъэм зегъэужьыным фIыуэ щхьопэ нобэ щыIэ къэрал дэIэпыкъуныгъэхэр. КъэкIыгъэ лэжьыным етахэмкIэ, ахэр хэкIыпIэ хъарзынэщ ягъэкIуэда ахъшэр ирапшыныжыну, мэкъумэш хъызмэт страхованэмкIэ ящIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иту.

**ЛЫХЬ Тимур**

Социальнэ фондым

# Пенсэм — хэхъуэ

Мы гъэм мэлыжьыхьым и 1-м щегъэжьауэ, Къэрэшей-Черкес Республикэм и Социальнэ фондым социальнэ пенсэхэр компенсацэ ищIащ процентi 7,5-кIэ. Пенсэхэм хэхъуэ хуащIащ илъэс кIуам пенсионерыр зэрыпсэуфыну нэхъ мащIэ мардэр зэрыдэкIуеям тещIыхьауэ.

КъЧР-м и СФР-м и унафэщI Уэз Аслъэн зэрыжиIащи, республикэм щыпсэу пенсионер мин 16-м щIигъум я пенсэхэм хэхъуэ игъуэтащ. Абы щыщу пенсионер мин 15,8-р — социальнэ пенсэ къэзыхьхэм ящыщщ.

Социальнэ пенсэхэм къинэмыщIауэ, компенсацэ хуащIащ къэралым пенсэкIэ къызэригъэпэщ гупхэм хиубыдэхэми. Апхуэдэщ: Хэку зауэшхуэм хэтахэр; «Жителю блокадного Ленинграда», «Жителю осажденного Севастополя» бгъэхэIухэр зезыхьэхэр; ираджауэ зауэ къулыкъу зыщIа зауэлIхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм исхэмрэ; радиацэ, техногеннэ къэуэныгъэхэм я зэран зэкIахэмрэ я унагъуэхэм щыщхэмрэ; нэгъуэщIхэри.

— Пенсэр индексацэ ящIыным папщIэ пенсионерыр Социальнэ фондым кIуэн, лъэIу тхылъ итхын хуейкъым. Фондым езым псори зэфIигъэкIынурэ, мы гъэм мэлыжьыхьым и 3-м щегъэжьауэ хэхъуауэ зыхуэфащэм Iэригъэхьэнущ, пенсэр къыщыхуахь графикым темыкIыу, — жиIащ Уэз Аслъэн.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, мылажьэ пенсионерхэм я страховой пенсэхэр индексацэ ящIащ мы гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ.

УпщIэ фиIэмэ, захуэвгъазэ КъЧР-м и Социальнэ фондым, «горячая линия» телефон зэпыщIэныгъэмкIэ: **8-800-200-02-61.** Телефоныр мэлажьэ лэжьэгъуэ махуэ къэс сыхьэтыр 8-м щегъэжьауэ 17-м нэгъунэ.

**Зыгъэхьэзырар ТУАРШЫ Ирэ**

2 ← СВО - псапащIэ

# ЦIыхупсэм и беягъым и щапхъэу








Ди къулыкъущIэхэм къанэмыщIауэ, мы гупым гуманитар дэIэпыкъуэныгъэр госпиталми, Перевальскэ сабий унэми иратъэхь. Иужьрейр Луганск адэкIэ щыIэщ. НобэкIэ ар Урысейм и нэIэм щIэтщ.

— Абдеж сабии 160-м щIигъу щаIыгъщ, я ныбжьыр илъэси 3-м щегъэжьауэ 23-м нэсу. Хэти зауэм и адэ-анэр хэкIуэдащ, хэти и унэр къауэри екIуэлIапIэншэу къэнащ. ЖысIэну сызыхуейр аращи, шхыныгъуэхэр, IэфIIуфIхэр, зэрыджэгун хьэпшып цIыкIухэр яхуэтшати, хуабжьу щыгуфIыкIащ.

Сабийхэр къабзэ цIыкIуу, къызыхуэтыншэу щаIыгъщ, ауэ ахэр гулъытэ, гу хуабагъ хуэныкъуэ защIэщ. Ар я нэгум иболъагъуэ, — къыпещэ ди псэлъэгъум.

И чэзущ Заремэ зи пашэ гупым хэтхэм, хэкупсэхэм, гудзакъэ зиIэхэм я гугъу тщIыну.

— IэщIагъэ зэхуэмыдэ зиIэ защIэу дызэхэтщ. ЖыпIэнурамэ, ди республикэм щыпсэу лъэпкъ псоми ящыщ къытхэтщ. Хэт ахъшэ къытхедзэ зэпыт, хэт шхынхэкIхэр къытхуехь, хэти къарукIэ къыддоIэпыкъу, хэти лэкъум, хьэлывэ, хъыршын хуэдэхэр мыщхьэхыу бжыгъэншэу ягъажьэри щIалэхэм яхуедгъэшэну къытIэрагъыхьэ.




Фи нэгу къыщIэвгъыхьэт, зауэм уIуту, зыщIыпIэ ущыIэу узыщалъхуа хэку цIыкIум къикIа хьэлывэ пшхыныр! Ар ди щIалэхэм я дежкIэ уасэншэщ!

Хэти къуажэкIэрэ къыддоIэпыкъу. Псалъэм папщIэ, килограмм 30-м щIигъу лы кърагъэхь, нэгъуэщI шхынхэкIхэри къытхурагъашэ. Хэти езым и унагъуэм ныкъуэдыкъуагъ зытелъ ис пэтрэ, дэ ахъшэ къытхедзэ. А псори уасэншэщ, цIыхупсэм и беягъым и щапхъэщ. Махуэ къэс абыхэм я бжыгъэм хохъуэ. Псоми я цIэ къисIуэн щIэздзэмэ, зы газет напэм ихуэнкъым, зыгуэр къыхэзмыгъэщу къанэмэ сукIытэжынщ, си жагъуэ хъужынщ.

Гуманитар хьэлъэу дутIыпщым зыри хэкIуэдыкIкъым. Псори щIалэхэм янос. ЗэраIэрыхьэу, зыкъытпащIэ, къыджаIэ зэраIэщIэхьар, фIыщIэ псалъэхэмкIэ къытподжэж. ИтIанэ, зауэлI гуэрым и цIэр тету ашыч кIуамэ, абы нэгъуэщI цIыху еIэбкъым. Зейм иратыж. Апхуэдэщ зэрызэхуэщытыр, — жеIэ Заремэ.

Ди псэлъэгъу угъурлым гукъеуэ иIэщ. Ар зытеухуар ди щIалэхэм, СВО-м хэт ди къулыкъущIэхэм ягъэзащIэ къалэным и мыхьэнэм, я Iуэхур зытетым цIыхухэм я нэхъыбэр зэрыхуэгунэфращ.

— Ди щIалэхэм нобэ яхь зауэ къулыкъур зыхуэмыхьын куэд къытхэтщ, пэжыр жыпIэмэ. Зи бын унэ хуабэм щIэсым, дауи, зыхищIэкъым ди гузэвэгъуэр. А фронтым Iут дэтхэнэ ди щIалэри зауэлI хахуэщ. АтIэ, игъащIэми хэкум и хъумакIуэм и пщIэр щылъагэщ, псом хуэмыдэу, адыгэм лъэпкъым деж. Ди щIалэхэр нобэ псэ зэпылъхьэпIэм щIыхэтыр я Iыхьлыхэр, я къуажэгъухэр, я ныбжьэгъухэр тыншу гъуэлъыжу жеинращ, мамыр щIыналъэм къыщыушынращ, — къыхегъэщ абы.

Аслъэныкъуэ Заремэ хуэдэ бзылъхугъэ гуапэхэр, жыджэрхэр, гудзакъэ зиIэхэр адыгэ лъэпкъым, нэгъуэщI лъэпкъхэми зэрахэтым фIэщхъуныгъэ къыдет къару зэкъуэтыныгъэр ди фащэ нэхъыщхьэу дызэрыщытыр. Мыбыхэм зэфIах псапащIэ IуэхухэмкIэ СВО-м щыIэ ди щIалэхэм Хэкум и хуабагъыр зыхащIэ, мамыр гъащIэм икIэщIыпIэкIэ дызэрыхуэкIуэнумкIэ фIэщхъуныгъэр бydэ мэхъу.

АдреймкIэ, текIуэныгъэр фи Iэпэгъуу, фыузыншэу, фи унагъуэхэм Тхьэм факъыхихьэж, мыпхуэдэ псапащIэ Iуэхухэр зыхузэфIах ди щIалэ щыпкъэхэ!

**ГЪУКIЭКЪУЛ Иринэ**

Тетам пэджэжу

# Зи гъащIэр лIыгъэ зэфэзэщ

Гъэмахуэхэм мазэт. Черкесск и автовокзалым цIыхухэр щыкуэдт. Къалэ кIуэцIым щызекIуэу абдеж къыщыIукI зи №1 маршрут автобусым из хъуауэ гъуэгу техьэну пылъу, ныбжькIэ мыщIалэжу (илъэс гуэркIэ узэIэбэкIыжмэ) зылIрэ зы фызрэ къитIысхьащ.

Зэрыщытауэ жытIэжынщи, куэдым зэуэ гу лъатащ а тIум. ТIысагъэххэ пассажиритI къыщылъэтри, пщIэ хуащIу ягъэтIысащ.

Лъамытэнуи щыттэкъым. Япэрауэ, тIуми я нэгум асыхьэту псалъэкIэ пхужымыIэн угъурлыгъэ, гуапагъэ гуэр иплъагъуэт. ЕтIуанэу, гу лъыптэу лIыри фызри зы къару мыкIуэщI гуэрым зэрипхт.

А тIур я инагъкIи зэхуэдизт, дыжьыныфэ дахэу къетхъуха я щхьэцхэм нэхъри ягъэбжьыфIэт.

ЛIым и костюмыбгъэр уамыгъэлъагъуэжу зауэ нагъыщэхэм щIахъумэт. ЦIыхухэм я нэр трамыхыу, яфIэгъэщIэгъуэну ахэр зэпаплъыхьт. Зауэм и нэщIэбжьэхэм хэмыплъа, абы и дыджагъыр Iуэрыуатэкіэ нэхъ зымыщIэхэм я щхьэр ягъэсысу жаIэт: «Мис ар зэуащ».

Черкесск и автостанцым и гъунэгъу къэувыIэпIэм деж хэти емыжьауэ зи гугъу тщIыхэр икIыжти, дыхущIыхьакъым абыхэм я унагъуэцIэмрэ къуажэкIэ зыщыщымрэ къэтщIэн.

ИужькIэ журналист лэжьыгъэм Хьэбэз къуажэм дишащ. ЛIым и унагъуэцIэр зэрыжытIэу, япэу дызыIущIахэм псынщIэ дыдэу зыжьэу зэдыжаIащ - «Аслъэнхэ Хьэмырзэ Ахьмэд и къуэр дымыщIэуи! Хэку зауэшхуэм и ЛIыхъужь Хьэбэч Умар и цIэр зезыхьэ уэрам нэхъыщхьэм щопсэу, езым и гъащIэри зэфэзэщу лIыгъэщ...»

Псэм епщIылIэ псалъэ гуапэ мымащIэ и къуажэгъухэм зыхужаIа, а зы пкъым иту аргуэру тлэгъуа лIы къуэгъу мылъапэ лъагэм нэхъ гуапэжуи дригъэблэгъащ. А махуэм пщIантIэм дэсыр быным я нэхъыщIэ Замиррэ къуэ курыт Исмелрэти, абыхэми гъэсэныгъэ дахэ зэрахэлъым, я адэм пщIэшхуэ зэрыхуащIым псынщIэу гу лъыттащ.

Хьэмырзэ игу къэдгъэкIыжащ зэрытлъэгъуамрэ здэтлъэгъуамрэ. Абы хэту щIэгуфIыкIыу езым жиIащ:

— Апщыгъуэм си щхьэгъусэри сэри Львов областым хыхьэ Дрогобыч къалэм и унафэщIхэмрэ 167-нэ фочауэ дивизием и ветеранхэм я советымрэ драгъэблэгъауэ дыщыIауэ дыкъэкIуэжт. Сэ сахэтащ а къалэмрэ абы и Iэгъуэблагъэмрэ нэмыцхэм къаIэщIэзыгъэкIыжахэм. Ди ТекIуэныгъэ Иным техуэу а щIыналъэм сызэрыщыIар насыпышхуэуи къызолъытэ.

Гу лъыптэу зауэлIым, пшагъуэ гуэрэным ещхьу, гукъэкIыжхэр къытогъуалъхьэ, абыхэм нэхъ нэщхъеи, щыми ядохъу.

А дакъикъэхэм Хьэмырзэ и нэгу къыщIэмыхьэжын лъэкIакъым и япэрей зауэ гъуэгур къызэрыщIидзэр. Абдежращ лIыгъэу хэлъыр здынэсыр хьэкъыпIэкIэ здигъэунэхуари. Адыгэ щIалэм гуеигъэу къигъэлъэгъуам папщIэ и зауэ нагъыщэхэм пэублэ яхуэхъуа «Гуеигъэм папщIэ» медалыр къыхуагъэфэщащ.

— Ветеран зэхуэсахэм ди унагъуэцIэхэм къыздеджэм, сысейр щызэхихым, — зыкъытхуегъазэ Хьэмырзэ, — гупым къахэжри зы бзылъхугъэ зыIэщIэлъ гуэрым зыкъысп-



Сурэт гъэтIылъыгъэ: АСЛЪЭНХЭ Хьэмырзэ, КЪАНТЕМЫР Тыркубий, ЗЭУБЫД Ахьмэд, ЩАКIУЭ Мусэлы, ЕСЧЫНДАР Альдин сымэ

щIэхидзащ. Сэ сыкъэщтауэ зыри жызмыIэ щIыкIэ езым и гъынри и дыхьэшхынри зэщIэту къыжьэдэлъэтащ: «Фи пщафIэу щыта Галяр сэращ. Зы зэхэуэ гуащIэм ротэм щыщу нэрыбгих нэхъ къыщывмыгъэзэжам IэплIэ дапщэрэ фхуэсщIат?!»

ТIуми я гуфIэгъуэр а дакъикъэхэм яхуэмыгъэпщкIуу къызэрыцIыхужауэ мыпхуэдэу зызэхуагъэзащ:

— Гъур цIыкIуу ущытати апщыгъуэм?

— Уэри уи щхьэцышхуэр икIай?

Зауэм гъунэгъу зэхуищIахэм зэгуэрми ящымыгъупщэжын зэIущIэ лъапIэу щытащ Ставрополь крайм щыпсэу, взводым и командир Козлов Иванрэ фочауэ ротэм и отделенэм и командира Аслъэнхэ Хьэмырзэрэ зэрызэрылъэгъуар. Гали, къапщтэмэ, зыщыпсэур Ставрополь крайрат. АдрескIэ щыри зэхъуэжри куэдрэ письмо зэхуатхащ, зым адрейр хьэщIэу иригъэблагъэу. 1982 гъэм майм и 9 дыдэм техуэу Минск къикIри Аслъэнхэ я деж къэкIуауэ щытащ Хьэмырзэ къыдэзэуа нэгъуэщI и зы ныбжьэгъу — ротэм и командира, Совет Союзым и ЛIыхъужь Степук Семен Ефимович. Абы а цIэ лъапIэр къыщилъэщам щыгъуэ дэзэуащ ди хэкуэгъури. Адыгэм хэмылъмэ мыхъун хьэл-щэн псори зыдэплъагъу Хьэмырзэ Степук и гъусэу щхьэмыгъазэу зауэу дыдейхэм зэрымыщIэкIэ къахуэкIуэу къилъэгъуа нэмыцэ "Тигр" абрагъуэр хьэбэсабэу уафэгум дрыригъэпхъеящ, хахуагъэм и дамыгъэу етIуанэ нагъыщэ зиIэ Хэку зауэ орденыр кърататащ.

Илъэсхэм гъуабжэ дэхъужауэ а къэхъукъащIэм теухуауэ фронтовой газетым щатхауэ щытар дигъэлъэгъуащ ветераным. Абы къыдэкIуэу ди лъэIукIэ езыми мыпхуэдэу къыджиIащ:

— Уеплъын къудейкIэ шынагъуэу, тIыхэм ящхьу нэмыцэ "Тигр"-хэмрэ ди танкхэмрэ зэпэщIэуват. КъарукIэ лъэныкъуитIри дызэрыхэгъэщIауэ, къэнэжа зауэлI зыбжанэм «арагъэнщ иджы щыIэжыр» зэдыжытIэн дыхущIэмыхьэу, аргуэру икIэрейуэ зы къуагъым къыкъуэкIащ. Псэр IэфIщ, ауэ Хэкур нэхъ IэфIыжти, къарууэ сиIэр зэзгъэуIури, абыи сыпэщIэуващ щытащ...

ПэщIэуващ икIи шынэжу къикIуэтакъым. ИтIани и щхьэ хужиIэ щыIэкъым къыщопсалъэкIэ мафIэхъуэскIыу зи нитIыр лыд, гуапагъэ зэфэзэщ зи нэгум иплъагъуэ лIы бланэм.

Ар икIи дгъэщIагъуэкъым. Дызытепсэлъыхьым ещхьэм я щэнщ ар. Абы къыхэкIыу дэ жыдоIэ: «Аслъэн Хьэмырзэ хуэдэхэращ ди ТекIуэныгъэр жэщи махуи къэзыгъэгъунэгъуар, къытхуэзыхьар. Щхьэщи яхуэфащэщ дакъикъэ къэс ажалым пэплъами, щхьэмыгъазэу зауэ мафIэхэм пхыкIахэм, шинелыр зи тепIэну икIи зи щIэдзыну зауэ илъэс хьэлъэхэм къэгъуэгурыкIуахэм».

Черкес хэку 100

А зэманым щIыналъэ мащIэкъым зэпичар илъэситхуми автоматчик къызэрымыкIуэу щыта сержант нэхъыжьым: Москва къалэлIыхъужьым деж бийр зэхэзыкъутахэм яхэтащ, Вагъуэ Плъыжь ордени къилъэщащ, КъуэкIыпIэ Украинэм зэрызэуам папщIэ Вагъуэ Плъыжь етIуанэ ордени кърататащ. Шынэ жыхуаIэр имыщIэу щызэуащ Сталинград, Киев, Белая Церковь, Каменецк-Подольский къалэхэм. Днепр псы цIэрыIуэм зэрызэпрысыкIар-щэ?! Ари гукъинэж хуэхъуащ, абы «Гуеигъэм папщIэ» и етIуанэ медалыр къыпэкIуащ. Ди ТекIуэныгъэм, Къару узэдахэм я юбилей зэхуэмыдэхэм щхьэкIэ кърататауэ аргуэру медалибл иIэщ Аслъэным. Хьэбэз курыт еджапIэм щIыхь щызиIэ и цIыхуу щыткIэрэ, цIыкIухэм, къуажэм щыщ нэгъуэщI щIалэгъуалэм щаIущIэкIэ, Хьэмырзэ куэдрэ и нэгу щIэкIахэм къатопсэлъыхьыж. Апщыгъуэхэм хэти и псэр кIэропщIэ гъуэгуанэ гугъу, ауэ щIыхь зыпылъ къызэзынэкIа ветераным. Зауэм и уасэр хьэкъыпIэкIэ зыгъэунэхуа лIым мамырыгъэр яхъумэнуи щIэблэр къыхуреджэ, абы щIыгъуу хэкупсэ гъэсэныгъэ ини ирегъэкIуэкI.

ЛэжьэнкIи армуакъым ди лIыхъужьыр. Зауэ илъэсхэм ипэкIэ, и ныбжьыр илъэс 23-м иту, бригадиру лажьэу цIыху имылъэгъуа мэш бэгъуа къигъэкIауэ щытащ. ПланкIэ гектарым кърихын хуея центнер 18-р 52-м зэрынигъэсам папщIэ Москва ВДНХ-м ягъэкIуэгъащ, «Социалистическэ зэхьэзэхуэм щызыIэригъыхьа ехъулIэныгъэхэм папщIэ» псалъэхэр зытет бгъэхэIуи кърагыгъащ. ШабалдаевкIэ зэджэу щыта колхозым и Iэщыхъуэу, къуажэ Советым и исполкомым и тхьэмадэу, парт организацэм и секретару щылэжьами губгъэн зыхуригъэщIакъым Хьэмырзэ, нобэ и жьыщхьи а хабзэфIым текIкъым. Езымрэ и щхьэгъусэ ЛъапIэрэ дамэ лъэщу я бынхэр къащIэуващ, тIури гуащIэдэкIым и ветеранщ.

Хьэмырзэрэ ЛъапIэрэ я щIалэгъуэм зыщIэхъуэпсар къадэхъуащ я бынхэм. Зым нэхърэ зыр нэхъыфIыж, цIыхум цIыху къащыхъу я къуихми ищхьэ щIэныгъэ зрагъэгъуэтауэ IэнатIэ зэхуэмыдэхэм Iутщ — хэт врачщ, хэт инженерщ, хэти фармацевтщ... ЛэжьакIуэфIщ зэшхэм я шыпхъу закъуэ Люби.

Ди зэбгъэдэкIыжыгъуэм Хьэмырзэ куэбжэм нэс дыкъигъэкIуэтэжащ. И IэпщитIым иджыри къару зэрахэлъыр къыуигъащIэу ди Iэр быдэу икъузу адыгэ сэлам гуапэ къыдихыжащ.

Пэжыр жытIэнщи, пасэ зэманым шыуанэ зэтелъым къущхьэдэсыр зэрехъуапсэу щытам ещхьу, сыт и лъэныкъуэкIи дехъуэпсащ дэ абы.

**1980 гъэхэм**
**КЪАНТЕМЫР Тыркубий и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэ**

Терроризмэм, экстремизмэм пэщIэту

**«Крокус-Сити Холл»-м къыщыхъуа хьэдыгъуэдахэм зигу иримыуда цIыхуцIэм яхэту къыщIэкIынкъым. Iуэхур нэхъри хьэлъэ, акъылым зыуи имызагъэ ещI ар муслъымэну дунейм тетымкIэ я нэхъ лъапIэ нэщI мазэм къызэрыхъуам. Диныр мыпхуэдэ къэхъукъащIэм зэреплъым, езым и гупсысэм дыщыгъуазэмэ тфIэигъуэу зыхуэдгъэзащ Хьэбэз районым и соборнэ мэжджытым и Iимам ХЬЭКIЫРЭ Руслан.**

# «Алыхьым и цIэр жызыIэ псори муслъымэнкъым»

Мы щIалэр зи гуи зи пси етауэ ислъам дин къабзэр зезыхьэхэм ящыщщ, ар икIи и IэнатIэу, илъэс куэд хъуауэ пэрытщ, ислъам дин щIэнгъуазэкIэ къызыхуэтыншэу псыхьащ.

— А къэхъуар зыгъэхъахэм яхуэдэхэр щымыхъукIэ, цIыхуцIэ зиIэм ар зигу къемыуа яхэткъым. Дигу къемыуэнкIэ Iэмал иIэкъым. ХэкIуэдахэр зейхэм Алыхьым шэчыгъуафIэ яхуищI. Лажьи-хьэкъи зимыIэ балигъи сабии зыукIар зэрыбгъэзэхуэн, ищIам щхьэусыгъуэ хуэпщIын мы дунейм теткъым. ЦIыху букIыныр я нэхъ гуэныхь инхэм яхебжэ. КъурIэным щыжеIэ: «Зы цIыху и псэ щызынэм цIыху псори иукIам хуэдэщ, зы цIыху къезыгъэлами цIыху псори ажалым кърыгъэлам пелъыт». Алыхьым гъусэ хуэпщIыным, анэ-адэм пщIэ яхуумыщIыным къадэкIуэу и гуэныхьагъкIэ нэхъ хьэлъэхэм ящыщщ цIыху букIыныр.

НэгъуэщIу къыхэзгъэщыну сызыхуейр: а гущIыхьэшхуэр зыгъэхъахэм «Аллаху Акбар» жаIэу я Iуэху фIейр ялэжьащ, ауэ абы къикIкъым ахэр муслъымэн къабзэу. Ислъам диным кIуэрабгъу зэхуэмыдэ куэд иратурэ, ягъэулъийуэрэ, махуэ къэс къагупсысурэ, ягъэутхъуэ. Акъыл зиIэ цIыхум къыгурыIуэну согугъэ ар. АтIэ, къалэшхуэхэм, Москва дежи, апхуэдэр къыщыхъукIэ, лажьэ зимыIэхэми ныбжьыр ятредзэ, нэмыплъ ирату хуожьэ. Ар тэрэзкъым. МыхъумыщIэр зипкъ къикIам лажьэ зимыIэр дэбгъакIуэ хъунукъым.

Абы къыдэкIуэу гулъытэ зыхуэщIыпхъэ лъэныкъуэр наIуэщ. ЩIалэгъуалэр ислъам диным нэхъ дихьэх, нэхъ хуеплъэкI хъуащ, гуапэщ ар. Ауэ пхужыIэнукъым дин щIэнгъуазэ тэрэз псоми ябгъэдэлъу. ЩIэныгъэ езыгъэгъуэтыпхъэр диныр зезыхьэращ. Сэ си еплъыкIэр апхуэдэщ. АтIэ, дин зезымыхьэ, махуэ къэс абы бгъэдэмыт егъэджакIуэм ислъам диным хуригъэджэфыну жысIэкъым. Къэралри, цIыхубэри зэкъуэту терроризм, экстремизм къару шынагъуэм пэщIэувэн хуейщ. СМИ Iэмалхэми куэд яхузэфIэкIынущ мы Iуэхум и тэрэзыпIэр, пэжыпIэр жылагъуэм ягъэщIэнымкIэ. Си гуапэщ къыхэзгъэщыну мыбдеж «Черкес хэку» газетыр. Абы сыт щыгъуи гулъытэфI хуещI диным теухуа Iуэхугъуэхэм, тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэри къытредзэ зэпыт, Тхьэм фигъэпсэу, фи гуащIэ нэщI имыщIкIэ!

ИкъукIэ зэранышхуэ къахь соцсетхэм. Ахэр убгъуауэ къагъэсэбэп ныбжьыщIэхэр, балигъ мыхъуахэр гъуэгу пхэнжым трашэнымкIэ. Ауэ, мыбдеж къыдгурыIуапхъэщи, телефоныр ныбжьыщIэм IэщIэпхкIэ, соцсетыр пэбубыдкIэ мащIэщ. Нэхъыщхьэр — къыгурыбгъэIуэнращ, гъуэгу пхэнжыр зыхуэдэр, абы утеувэмэ зыхуишэнур, зэриухыжынур янэпхьэсынращ.

«Духовнэ гъаблэр» жыхуиIэращ мы зэманым ди щIэблэр зыхэтыр. АтIэ, сабийр дунейм къытохьэ диныр, КъэзыгъэщIар и гум илъу, къабзэу. Ауэ иужькIэ и акъылым траху, гупсысэр нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ яунэтI. Мэжджытым къепшэлIэныр а жыхуэтIэ «духовнэ гъаблэр» гъэужьыхыным, и тэрэзыпIэм тешэным и зы Iэмалщ. Тэрэзу гъэсар, дин къабзэр зыцIыхур гъуэгу пхэнжым зыми тришэжыфынукъым. Мис а лъэныкъуэми псори дызэделэжьыпхъэу сoплъ, — къыддэгуэшащ диныр лажьэр.

**ТУАРШЫ Ирэ**

ДэIэпыкъуныгъэ

# Мамыр гъащIэм



Белгород областым къикIа цIыхухэр пIалъэкIэ зыщIагъэтIысхьа щIыпIэхэм Къэрэшей-Черкесым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и министр Кравченко Иннэ щыхьэщIащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Белгород областым щыщ цIыху 238-рэ ди республикэм пIалъэкIэ къагъэкуэшащ, абыхэм ящыщу 100-м щIигъур сабийщ. НобэкIэ ахэр Домбай, Тебэрды щыIэ зыгъэпсэхупIэ базэхэм щопсэу.

И лэжьэгъухэм ящIыгъуу министрым зэхигъэкIащ курыт еджапIэ хэмрэ сабий IыгъыпIэхэмрэ Белгород областым щыщ сабийхэр ирагъэблэгъэным зэрыхуэхьэзырым.

Министрым къызэририлъытамкIэ, Къэрэшей-Черкесым щыIэ курыт еджапIэхэмрэ сабий IыгъыпIэхэмрэ хьэзырщ Белгород областым щыщ ныбжьыщIэхэр ирагъэблэгъэным.

КъинэмыщIауэ, ди республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид и дэIэпыкъуныгъэм и фIыщIэкIэ, сабийхэр еджэн папщIэ зыхуэныкъуэну хьэпшыпхэри тыгъэ хуащIащ.

Спорт

# Дыжьын медалкIэ

Зи ныбжьыр илъэс 12-14 хъу ныбжьыщIэхэр зыхэта, Урысейм тхэквондо ВТФ-кIэ пашагъэр къыщыхьыным здыщIэбэна зэпеуэ гъатхэпэм и 26-31 махуэхэм Рязань къалэм щекIуэкIащ.

Спортсмен 800-м щIигъу къыздекIуэлIа зэхьэзэхуэм зыкъыщигъэлъэгъуащ, зи хьэлъагъыр килограмм 51-рэ хъу гупым яхэтащ Къэрэшей-Черкес Республикэм къыбгъэдэкIа Щохъужь Сабинэ.

Пщащэ тхэквондисткэм фIагъ лъагэ хэлъу и зэпэщIэтыныгъэхэр иригъэкIуэкIащ икIи, финалым нэсащ. Ауэ, зы мащIэ дыдэкIэ и насып темыкIуэу, етIуанэ увыпIэр, дыжьын медалыр къилъэщащ.

Урысейпсо пашагъэм здыщIэбэна зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр къызэрыщихьам къыдэкIуэу, Сабинэ хэхуащ щIалэгъуалэмкIэ (юноши) Къэрэшей-Черкесым и командэ къыхэхам.

**АБИДОКЪУЭ Люсанэ**



Гъуэгу шынагъуэншагъэ

ЦIыхухэр куэду къезышэкI жылагъуэ транспортыр зытет гъуэгухэм къыщыхъу машинэ зэжьэхэуэныгъэхэр гъэмэщIэнымрэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымрэ, хабзэкъутэныгъэ къагъэхъуу цIыху къезышэкI водителхэр къыщIэгъэщын мурадкIэ, «Адыгэ-Хьэблэ» МОВД-м и къэрал автоинспекторхэм профилактическэ Iуэхугъуэхэр зэпымыууэ ирагъэкIуэкI.

Мыбдежым псоми хуэмыдэу нэхъыщхьэу къыхагъэщыр гъуэгухэм сабийуэ текIуадэр щымыгъэIэжынращ, апхуэдэхэр къэмыхъуным набдзэгубдзаплъэу хущытынращ.

Гъуэгухэм тет полицэ къулыкъущIэхэм щIаплъыкI водителхэм я дэфтэрхэр, цIыху куэду кърашэкIыну хуитыныгъэ яIэмэ, автобусхэм я техническэ щытыкIэхэр.

# Жылагъуэ транспортыр щIаплъыкI

Инспекторхэм гулъытэншэу къагъанэкъым водителхэр махуэм и кIыхьагъкIэ зэрылэжьэн хуейуэ гуащIэдэкIым къигъэув хабзэхэр зэрагъэзащIэр, зэрызагъэпсэхур, медицинэ щIэплъыкIыныгъэхэр зэрырагъэкIуэкIыр.

Чэнджэщ иратхэм ящыщщ хуабжьагъ яIыгъыу земыкIуэныр, ипэ иту кIуэ транспортым кIэщIэмылъэдэныр, гъуэгу нагъыщэхэм, щIыуэпсым и щытыкIэхэм гулъытэ хуэщIыныр.



**ДЖЕМАКУЛОВ Расул,**
**«Адыгэ-Хьэблэ» МОВД-м и ОГИБДД-м и унафэщI, полицэм и майор**



# ПДД хабзэхэр

«Хьэбэз» МОВД-м и къэрал автоинспекторхэм Али-Бэрдыкъуэ къуажэм дэт «Вагъуэ» сабий IыгъыпIэм профилактикэ дерс щрагъэкIуэкIащ. Ар зыхуэунэтIауэ щытар гъуэгухэм къыщыхъу транспорт зэжьэхэуэныгъэхэм сабий хэмыхуэу гъэпсыныр, нану цIыкIухэм гъуэгухэм щызекIуэ ПДД хабзэхэр зэрацIыхур зэхэгъэкIынращ.

Инспекторыр къытепсэлъыхьащ гъуэгум щызекIуэ дэтхэнэми Iэмал имыIэу ПДД хабзэхэр игъэзэщIэн зэрыхуейм, абы мыхьэнэшхуэ зэриIэм, сабий IыгъыпIэм къыщашэкIи, уэрамым щызекIуэкIи, лъакъуэрыгъажэм тесу къыщажыхькIи, хабзэхэр зэрыгъэзэщIапхъэм тегъэчынауэ и гугъу яхуищIащ.

Нану цIыкIухэми жаригъэIащ светофорым, гъуэгум тет нагъыщэхэм я мыхьэнэхэр, автомобилым исуу щыкIуэкIи шынагъуэншагъэ щытыкIэр зэрагъэзэщIэн хуейм къыхуриджащ. Къагъэлъэгъуащ лъэсырызекIуэхэм папщIэ гъуэгум зэрыщызэпрыкI хабзэхэр. ЦIыкIухэр дихьэхыпауэ мультфильм гъэщIэгъуэным еплъащ, ПДД хабзэхэм теухуауэ.

ЖыпIэнурамэ, сабийхэр хуабжьу жыджэру хэлэжьыхьащ мы шынагъуэншагъэ дерсым икIи ПДД хабзэхэр фIы дыдэу зэращIэри къагъэлъэгъуащ.

**МУХИНЭ Н.,**
**«Хьэбэз» МОВД-м и ОГИБДД-м пропагандэмкIэ и инспектор**

@CHERKESHAKU
Ди телеграм-канал
Черкес хэку
www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru
Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу
Редколлегием хэтхэр:
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ДЗЭМЫХЬ Маринэ,
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
отделхэм я редактору:
ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ, БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ, ЧЫРБЫЖ Иринэ, ЛЫХЬ Тимур.
Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ.

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ФщIэн папщIэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
Р — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. Къыдэкі бжыгъэр 2857-щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.
Газетыр къызытхьэкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.
ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
дежурнэ редактор ЧЫРБЫЖ Иринэ,
корректорхэу МУССЭХЭ Зуридэ, ГУНДЭХЪУ Аня,
операторхэу ЕМЗЭГЪ Даринэ, ДЖЫДЖИЙ Динэ